



Commonwealth Massachusetts la
Biwo Egzekitif pou Sante ak Sèvis Sosyal
Depatman Sèvis Devlopmanal
1000 Washington Street, Suite 401
Boston, MA 02118

Charles D. Baker
Gouvènè

Karyn E. Polito
Lyetnan Gouvènè

Marylou Sudders
Sekretè

Jane F. Ryder
Komisè

Kòd Zòn (617) 727-5608

TTY: (617) 624-7590

24 Mas 2021

Chè Kominote DDS:

Sa genyen yon tikras plis pase yon lane, mwen te voye premye “Mizajou sou Kowonaviris” bay kominote DDS la. Nou te pataje deklarasyon yon Eta Dijans Gouvènè a, ak etap n ap swiv nan DDS la pou pwoteje pwòch ou yo. Nou te deklare sante ak sekirite pwòch ou yo se premye priyorite nou. Pèsòn pa te ka prevwa fason pandemi an t ap fè enpak sou lavi nou tout.

Yon ti tan apresa, avèk konsèy patnè nou yo nan Depatman Sante Piblik Massachusetts la ak Sant Kòmann lan, nou te pran desizyon ki pi difisil mwen espere òganizasyon sa a pa te janm pran, ki genyen ladan kanpe vizit an pèsòn epi fèmen pwogram lajounen yo ak sèvis an pèsòn yo. Menm jan ak tout rès monn lan, lè viris la frape pou premye fwa, pwogram nou yo pa te genyen anpil apwovizyonman PPE ki fyab oswa anpil kapasite pou fè tès. Sa te chanje byen vit.

Avèk estrateji ki konsantre sou tès, kontwòl enfeksyon, ak PPE, nou te plati koub la nan ete 2020 an. Nou te relouvri pwogram lajounen nou yo an sèvis an pèsòn avèk prekosyon ak konsèy pou kenbe patisipan ak manm pèsònèl la an sekirite. Epitou nou te rekòmanse vizit an pèsòn, avèk vizit an plèn ak vizit andeyò sit yo apati wikenn 4 Jiyè a, ak vizit entèn yo apati 1 Oktòb, anvan moman fredyè a rive. Lè dezyèm vag la te frape pwogram nou yo jan yo te prevwa sa nan otòn nan, nou te pi byen prepare.

Vwa ou te esansyèl nan preparasyon ak elaborasyon devlopman sa yo. Ou te fè nou konnen lè politik ak pwotokòl nou yo te twòp - oswa lè yo te pa ase. Ou te pataje istwa, ide, fristrasyon, ak espwa ou yo. Sijasyon atantif ou ede nou bay pwogram nou yo fleksibilite ak konsèy ki nesèsè pou reponn ak inik bezwen chak moun nou sèvi.



Mèsi ak nou tout ki aktif nan Komisyon Konsiltatif pou Sitwayen lokal nou an, Konsèy Konsiltatif nan tout Eta nou an, ak òganizasyon defans tankou The Arc of Massachusetts ak Massachusetts Advocates Standing Strong.

DDS rete angaje pou tande vwa ou, ak pou kenbe ou enfòm epi angaje pandan n ap vanse. Nan paj ki swiv yo, tanpri n ap jwenn dènye enfòmasyon ki genyen ladan Faz 4 pou relouvèti a ak vaksinasyon yo.

Jan sa toujou fèt, tanpri rete an kontak avèk Biwo Zòn ak Kowòdonatè Sèvis la epi swiv Depatman an sou sit entènèt nou an (mass.gov/dds) ak rezo sosyal.

Pran bon swen nou,

Jane



Faz 4 Relouvèti

Nan dat 22 Mas la, Commonwealth te antre nan Faz 4 nan pwosesis relouvèti a. Pou pote dènye enfòmasyon sou pwogram ak politik nou yo ak dènye konsèy de DPH ak CDC a, nou te pibliye dènye konsèy sou COVID-19 la pou pwogram DDS yo konsènan vizit yo, pwogram swen nan rezidans kolektif, pwogram lajounen, ak transpò. Pa egzanp, moun ki resevwa tout vaksen yo (ki te resevwa de dòz nan vaksen Moderna oswa vaksen Pfizer pou COVID-19 la OSWA moun ki te resevwa yon sèl dòz nan vaksen Johnson & Johnson nan, depi 14 jou oswa plis) pa bezwen rete an karantèn kounyeya. Tanpri konnen ke pwotokòl ki enpòtan pou COVID-19 nan tès siveyans yo, PPE, ak kontwòl enfeksyon pral rete an plas pou pwogram nou yo pandan n ap fè tranzisyon nan yon nouvo lavi nòmal.

Dènye Enfòmasyon sou Vaksinasyon

Nan kòmansman nouvo ane a te vin genyen yon efò total pou vaksinen rezidan ak manm pèsònèl swen kolektif nou yo. Mwen fyè pou m deklare chak rezidan k ap viv ak manm pèsònèl k ap travay nan pwogram swen kolektif rezidansyèl DDS la te genyen aksè nan vaksen kont COVID-19 la. Prèske tout moun nou sèvi yo ak anpil manm pèsònèl nan anviwònman rezidansyèl kolektif yo konplètman vaksinen kounyeya.

Sa pa gen anpil tan, Gouvènè Baker te fè yon anons enpòtan konsènan kalandriye, pwosesis, ak elijibilite pou vaksinasyon COVID-19 la ki kapab fè enpak sou moun ak fanmi DDS sèvi yo.

- 22 Mas: tout moun ki genyen **60 lane oswa plis** ak **kèk travayè** vin elijib kounyeya.
- 5 Avril: tout moun ki genyen **55 lane oswa plis** ak moun ki genyen **1 sèten kondisyon medikal** vin elijib.
 - **Sèten kondisyon medikal** ki genyen ladan sendwòm down, opresyon (sevè rive modere), maladi kwonik nan ren, obezite, maladi kè, COPD (maladi pilmonè obstriktif kwonik), kansè, eta iminodeprime, gwosès, anemi falsifòm, ak fimèn.
- Avril 19: tout moun ki genyen **16 lane oswa plis** nan Commonwealth la vin elijib.

Genyen nouvo fason pou jwenn aksè nan randevou vaksinasyon pou COVID-19 la:

- Fè premye enskripsyon an sou entènèt pou pran yon randevou nan sit Vaksinasyon Anmas la **kounyeya: vaccinesignup.mass.gov**
 - Ti Konsèy: Reponn wi pou premye kesyon an pou fè premye enskripsyon an pou yon lòt moun.
 - Tout **sèt** sit Vaksinasyon Anmas yo aksesib, avèk yon chèz woulant yo bay sou sit la, manm pèsònèl ki deziyen pou asiste moun ki genyen pwoblèm mobilite, antre ki aksesib, epi zòn aksesib pou depoze ak pase pran. Aprann plis konsènan chak sit yo **[isit la](#)**.
- Rele 2-1-1 oswa (877) 211-6277 pou pran yon randevou nan telefòn.
- Itilize sit entènèt **[VaxFinder.mass.gov](https://vaxfinder.mass.gov)** pou chèche randevou nan famasi yo, kay founisè swen sante yo, ak lòt lye kominotè.



Si ou bezwen èd pou planifye yon vaksinasyon pou COVID-19 DDS la ap òganize, tanpri kontakte Kowòdonatè Sèvis DDS la.

Pwogram Vaksinasyon Adomisil Massachusetts la

Kounyeya vaksinasyon adomisil yo disponib pou moun ki pa anmezi pou kite lakay yo pou pran vaksen an nan yon sit vaksinasyon, menm avèk asistans. Moun ki bloke lakay yo ka swa:

- Bezwen anbilans oswa asistans de moun pou kite kay la, oswa
- Yo pa anmezi pou kite kay yo pou randevou medikal la nan sikonstans nòmal yo, oswa
- Yo genyen yon pakèt difikilte epi/oswa yo mande gwo sipò pou kite lakay yo pou pran randevou medikal (ki genyen ladan difikilte nan konpòtman)

Rele Liy Santral Admisyon Vaksinasyon Adomisil Eta a (1-833-983-0485) pou fè depistaj pou konnen si vaksinasyon adomisil la apwopriye.

Rekòmandasyon pou Vwayaj

Nan dat 22 Mas la, Gouvènè a te aktyalize [rekòmandasyon vwayaj pou COVID-19 la](#) nan Massachusetts. Yo konseye pou vizitè k ap antre nan Massachusetts yo, ki genyen ladan rezidan k ap retounen yo, pou yo mete tèt yo an karantèn pandan 10 jou lè yo rive. Sepandan, **vwayajè ki konplètman vaksinen yo ak moun ki pa genyen sentòm yo pa tonbe nan rekòmandasyon karantèn sa a.** Tanpri sonje rekòmandasyon sa a pandan n ap fè plan pou vakans ak plan pou vwayaj yo.



Tanpri gade anba a pou jwenn lyen ak resous ki itil:

Vaksinasyon pou COVID-19 yo

- Enfòmasyon Massachusetts sou vaksen an: mass.gov/covid-19-vaccine
- Fè premye enskripsyon an pou pran yon randevou nan sit Vaksinasyon Anmas la: vaccinesignup.mass.gov
 - [Enfòmasyon sou Aksesiblite Sit Vaksinasyon Anmas la](#)
- Jwenn randevou ki disponib yo pandan n ap itilize VaxFinder.mass.gov
- [Kesyon yo poze souvan: Transpò nan Randevou Vaksen pou COVID-19 la pou Manm MassHealth yo](#)
- [Gid Randevou pou Vaksen an](#)
 - [Sa Ou Dwe Konnen Anvan Ou Ale](#)
 - [Sa Ou Dwe Konnen pou Randevou Ou an](#)
- [Kesyon yo poze souvan sou Vaksen an: Sekirite Vaksen an](#)
- [Kesyon yo poze souvan pou Vaksen an nan plizyè lang](#)
- [Gid Resous pou Pwogram Vaksinasyon Adomisil Massachusetts la](#)

Konsèy pou Vizit

- [Konsèy pou Vizit pou Pwogram Rezidansyèl DDS yo](#)
- [Fòmilè Atestasyon pou Vizit Andeyò Sit la](#)

Konsèy pou Pwogram DDS yo

- [Konsèy sou Swen Rezidansyèl ak Swen Kolektif](#)
- [Konsèy sou Relouvèti Pwogram Lajounen Faz 4 la](#)
- [Konsèy sou Transpò Sèvizimèn nan](#)

Faz 4 Relouvèti

- [Relouvèti Massachusetts](#)
- [Relouvèti Sèvis Sante ak Sèvizimèn nan](#)

Rekòmandasyon pou Vwayaj

- [Rekòmandasyon Massachusetts pou COVID-19 la sou Vwayaj](#)

Resous DDS

- [Vizite sit entènèt DDS la](#)
- [Paj Sipò ak Resous DDS la pou COVID-19](#)
- [Kontakte Biwo Rejyonal DDS la](#)
- [Kat Rejyonal Enteraktif DDS la](#)
- Swiv @DDSMass sou rezo sosyal yo
 - [Facebook](#)
 - [Twitter](#)
 - [Instagram](#)